



## Fèy ak Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ) Pay It Off 2022

Remak: Pou kalifye pou Pay It Off, paran ki p ap viv ak timoun yo dwe gen yon dèt pèmanan yo dwe Depatman Sèvis Sosyal NYC (NYC Department of Social Services, NYC DSS). Gade Kesyon n°3 pou jwenn plis enfòmasyon.

### 1. Poukisa mwen jwenn feyè sa a?

Ou te resevwa feyè sa a paske ou gen omwen 1,000 dola dèt pou sipò timoun epi ou dwe leta/Depatman Sèvis Sosyal (DSS) NYC la omwen 500 dola nan dèt sa a. Vil New York ap fè yon òf limite pandan yon peryò tan ki limite pou ede ou redui kantite dèt sipò timoun ou dwe a.

### 2. Kijan pwogram sa a fonksyone?

Soti 17 oktòb 2022 pou rive 31 oktòb 2022, ou dwe fè yon peman 500 dola minimòm pou dèt ou dwe NYC DSS la yon fason pèmanan epi siyen ak soumèt akò Pay It Off la. Aprèsa, OCSS pral fè li koresponn ak peman ou an pandan li ap diminye dèt ou an pou menm montan an (jiskaske ou rive nan montan ou dwe a).

Men yon egzanp:



EGZANP	Peman Pay It Off ki te fèt nan mwa Oktòb	\$600
Plis (+)	Montan ki egal la	\$600
<b>Total (=)</b>	<b>Total ki aplike a pou redui dèt sipò timoun lan</b>	<b>\$1,200</b>

Si òdonans tribinal la mande pou w peye l, ou dwe peye montan total obligasyon ki pi resan tribinal la te òdone w peye pou sipò a, sètadi sa ou dwe pou mwa Oktòb la, si ou poko fè sa. Nou p ap mete menm kantite lajan ak montan ou pran pou peye sipò a. Si rès la pa depase 500 dola, li p ap koresponn dapre kritè Pay It Off.

Men yon egzanp:



EGZANP	Peman Pay It Off ki te fèt nan mwa Oktòb	\$600
Mwens (-)	Obligasyon pou sipò total tribinal la òdone nan mwa Oktòb	\$100
Egal (=)	Revni ki Rete a	\$500
Plis (+)	Montan nou mete noumenm	\$500
<b>Total (=)</b>	<b>Total ki aplike a pou redui dèt sipò timoun lan</b>	<b>\$1,000</b>

### 3. Kisa dèt pèmanan ou dwe Depatman Sèvis Sosyal NYC (Department of Social Services, DSS) siyifi?

Se dèt ou dwe DSS pou Sipò Timoun lè yon timoun resevwa Èd Lajan Kach oswa si yon timoun nan Fanmi Dakèy epi paran ki p ap viv ak timoun lan pran tan pou fè peman yo dapre òdonans tribinal la.

#### 4. Kòman mwen kapab peye?


Kèlkeswa fason ou decide peye a, nou pa kapab mete menm kantite lajan pou peman avèk ou san nou pa t resevwa yon Akò Pay It Off ki siyen. Li obligatwa pou w gen yon Akò separe pou chak ka pou resevwa yon kredi.

Gen twa (3) fason pou peye:

- 1) An pèsòn avèk yon chèk oswa chèk postal -  
151 W. Broadway, 4<sup>th</sup> floor  
New York, NY 10013  
Lendi pou rive Vandredi, 9 AM pou rive 7 PM (sof jou konje ak wikenn yo)
- 2) Voye yon chèk oswa yon chèk postal nan kourye lapòs:  
OCSS – Pay It Off  
PO Box 830  
Canal Street Station  
New York, NY 10013

- 3) Rele nan 929-252-5201 pou fè yon peman pa kat kredi nan telefòn

- Nou dwe resevwa peman yo pou pita 31 oktòb 2022 pou resevwa kredi ak montan total obligasyon pou sipò tribinal la òdone ou gen kounye a, ou dwe peye sa ou dwe pou mwa oktòb la an premye, epi ki p ap menm montan ak sa n ap mete noumenm lan. Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w fè yon peman nan [on.nyc.gov/paymentmethods](https://on.nyc.gov/paymentmethods).
- Peman an dwe vini ansanm avèk akò a. Lè ou ap soumèt akò a yon fason ki separe, di kilè ak kòman ou ap soumèt peman an.
- Lè gen plizyè ka, soumèt yon peman separe pou chak ka.
- Fè peman an nan non "NYS Child Support Processing Center".
- Mete Nimewo Idantifikasyon dosye a epi mete "Pay It Off" sou peman ou a.



NÒT: Peman nou kolekte atravè yon konfiskasyon (tankou Asirans pou Moun ki nan Chomaj ak konfiskasyon chèk travay), sezi, oswa taks ki entèsepte p ap koresponn. Epitou, sipò timoun aktyèl la (montan òdonans tribinal la di yo dwe peye chak mwa) dwe peye an premye avèk peman ou fè a.

#### 5. Poukisa mwen pa kalifye pou pwogram lan si mwen sèlman gen dèt pou paran k ap viv ak timoun lan men mwen pa gen dèt pou DSS?

Nou sèlman gen otorite pou redwi dèt ou dwe leta/DSS.

Pou patisipe nan Pay It Off, ou dwe gen yon minimòm 500 dola dèt sipò timoun w ap bay NYC DSS yon fason ki pèmanan. W ap resevwa tout montan n ap mete yo ki gen menm montan avèk montan w ap peye a, si ou dwe omwen 1,000 dola paske si w dwe sèlman 500 dola epi w peye tout 500 dola a, pa gen

montan n ao mete noumenm la ankò. Si ou gen sèlman dèt ki pa atribye oswa dèt ou dwe paran k ap viv ak timoun lan, ou pa ka patisipe.

Lè w patisipe nan yon pwogram medyasyon li ka ankouraje konvèsasyon avèk paran k ap viv ak timoun lan pou li konsidere diminye dèt ou dwe li a. Gade nan Depliyon Sèvis Medyasyon an ki sou sit entènèt nou an: [bit.ly/MediationBrochure](http://bit.ly/MediationBrochure).

6. Kisa m kapab fè si mwen pa ka peye yon minimòm 500 dola?

Pwogram patikilye sa a an mande pou ou peye yon minimòm 500 dola pou aryere yo pou pwofite òf limite nan tan an.

Sepandan, si ou fè nenpòt peman pou dèt sipò timoun ou an li ap nan avantaj ou nan lòt fason. Ou ka anmezi pou evite lòt mezi aplikasyon lalwa kote sa aplikab. Epitou, ou kapab enskri pou Pwogram Aryere Kredi nou an, ki egzije sèlman pou peye obligasyon tribinal la chak mwa sipò pou timoun ou a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a lè w al li Kesyon n°7 anba a.

7. Kisa ki Pwogram Kredi Aryere a?

Pwogram Kredi Aryere yo pèmèt ou kalifye pou jiska 5000 dola kredi pou aryere w ap bay DSS anpèmanans, akondisyon ou te peye tout montan obligasyon tribinal la òdone pou ou peye a pou yon ane konplè, apatide jou ou siyen akò Pwogram Kredi Aryere a. Ou ka kalifye pou jiska 3 lane epi genyen yon kredi ki rive jiska 15 000 dola an total.

Si ou enskri nan Pwogram Kredi Aryere yo menm moman ou enskri pou Pay It Off epi ou kalifye, ou kalifye pou jwenn yon rediksyon siplemantè ki rive jiska 1000 dola nan dèt ou dwe leta NYC/DSS la.

Men yon egzanp:



EGZANP	Peman ki fèt nan mwa Oktòb	\$600
Mwens (-)	Sipò aktyèl total oswa obligasyon chak mwa Oktòb	<u>\$100</u>
Egal (=)	Revni ki Rete a	\$500
Plis (+)	Montan nou mete noumenm la	\$500
Plis (+)	Akò sou Plafon Aryere ki Siyen yo	<u>\$1,000</u>
<i>Total (=)</i>	<i>Total ki aplike a pou redui dèt sipò timoun lan</i>	<i>\$2,000</i>
<i>Plis (+)</i>	<i>Nan mwa Oktòb 2023 si tout peman sipò timoun yo te fèt</i>	<i>\$5,000</i>
<i>Plis (+)</i>	<i>Nan mwa Oktòb 2024 si tout peman sipò timoun yo te fèt</i>	<i>\$5,000</i>
<i>Plis (+)</i>	<i>Nan mwa Oktòb 2025 si tout peman sipò timoun yo te fèt</i>	<i>\$5,000</i>
<i>Total (=)</i>	<i>Total ki aplike a pou redui dèt DSS lan</i>	<i>\$17,000</i>

Pou paran ki p ap viv ak timoun lan ki gen plizyè kont, yo ka aplike kredi siplemantè sou chak kont endividyèl jan sa apwopriye.

8. Èske sa vle di mwen jwenn yon lòt rediksyon 5000 aryere si mwen enskri pou Pwogram Kredi Aryere (Arrears Credit program) a lè mwen enskri pou Pay It Off?

Non. Li pran yon ane peman regilye ak konplè sipò timoun pou resevwa 5 000 dola kredi a ke ou ka kalifye pou li atravè Pwogram Kredi Aryere a. Ane sa a kòmanse nan jou ou siyen akò sou Pwogram Kredi Aryere a. Ou ka kalifye pou jiska 3 lane epi genyen yon kredi ki rive jiska 15000 dola an total. Gade egzanp nan Kesyon n°7 anwo a.

Ou pral jwenn yon rediksyon dèt bonis siplemantè ki rive jiska 1,000 dola pou enskri nan menm moman ak Pay It Off.

9. Èske mwen ka fè plis pase yon peman pandan mwa oktòb la? Pou egzanp, si mwen peye 1000 dola nan premye semèn pwogram nan ak nan dezyèm semèn pwogram nan mwen ka jwenn yon lòt 1000 dola, èske mwen ka fè de (2) peman?

Wi, ou ka fè plis pase yon peman toutotan peman yo afiche sou kont ou anvan dat fen pwogram lan ki se 31 oktòb 2022, yo plis pase 500 chak, epi ou te siyen epi voye ale akò w lan anvan dat fen pwogram lan.

10. Kijan pou mwen soumèt Akò Pay It Off la ak/oswa aplikasyon Pwogram Kredi Aryere a?

Pou kòmanse

1. Telechaje Akò Pay It Off la sou [nyc.gov/payitoff](https://nyc.gov/payitoff). Ou ka resevwa youn (1) pa lapòs.
2. Ranpli epi siyen akò an. Li obligatwa pou w gen yon Akò separe pou chak ka pou resevwa yon kredi.
3. Soumèt li nan fason ki endike anba a:

Pa Imèl nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us), asire w ou ajoute nimewo ID Dosye ou a ak "Pay It Off" nan imèl la

Nan kourye lapòs nan:

OCSS – Pay It Off  
PO Box 830  
Canal Street Station  
New York, NY 10013

An Pèsòn nan:

151 W. Broadway, 4<sup>th</sup> floor  
New York, NY 10013

Lendi pou rive Vandredi, 9 AM pou rive 7 PM (sof jou konje ak wikenn yo)

Ou ka telechaje aplikasyon Pwogram Kredi Aryere a sou [nyc.gov/ocss-debt-reduction](https://nyc.gov/ocss-debt-reduction). Soumèt li jan sa endike anwo a atravè aplikasyon Pay It Off la.

11. E si mwen soumèt peman mwen (yo) sèlman epi mwen pa ranpli yon akò?

Ou p ap kalifye pou egalite Pay It Off la san yon akò ki siyen. Ou dwe ranpli, siyen epi retounen akò a anvan 31 oktòb 2022. Gade Kesyon n°10 lan.



## 12. Konbyen dèt mwen dwe?

Kontakte OCSS pou konnen balans kont ou a:

- IMEL dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri mete nimewo dosye Sipò Timoun ou an ak imèl ou a.
- MANDE yon randevou nan telefòm ak yon ajan Sèvis Kliyantèl la lè ou voye yon imèl bay dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri bay non ou, nimewo dosye Sipò Timoun lan, yon deskripsyon enkyetid ou a (yo), nimewo telefòn, ak pi bon moman yo ka jwenn ou. Antre "Requesting a Customer Service Appointment" (Mande yon Randevou nan Sèvis Kliyan) nan liy sijè imèl ou an.
- RELE nan 888-208-4485, Liy Èd Sipò Timoun Vil New York la.
- VOYE nan lapòs nan adrès OCSS, PO Box 830, Canal Street Station, New York, NY 10013.
- VIZITE 151 W. Broadway, 4<sup>th</sup> floor, New York, NY 10013 (Lendi pou rive Vandredi, soti 9 a.m. pou rive 7 p.m. (sof jou konje ak wikenn yo)

## 13. Si mwen peye 500 dola, konbyen y ap kredite sou dèt mwen an?

Sa pral depann dosye espesifik ou a. Pou egzanp, si ou peye 500 dola, dèt ou a ka redwi otan jiska 1000 dola jiska kantite lajan ou dwe a. Egzanp nan Kesyon n°2 ak 7 la ka itil.

## 14. Kimoun ki jwenn lajan an si mwen gen dèt pou ni DSS ak paran k ap viv ak timoun lan?

Yo pral distribiye lajan an akò avèk règleman distribisyon federal yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou detay dosye w yo, ou kapab:

- IMÈL dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri mete nimewo dosye Sipò Timoun ou an ak imèl ou a. Ap gen yon moun ki rele w oswa ki reponn ou pa lapòs.
- MANDE yon randevou nan telefòm ak yon ajan Sèvis Kliyantèl la lè ou voye yon imèl bay dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri bay non ou, nimewo dosye Sipò Timoun lan, yon deskripsyon enkyetid ou a (yo), nimewo telefòn, ak pi bon moman yo ka jwenn ou. Antre nan "Pay It Off Requesting a Customer Service Appointment" nan liy sijè imèl ou an.
- RELE nan 888-208-4485, Liy Èd Sipò Timoun Vil New York la.
- Voye l nan kourye LAPÒS nan adrès "OCSS – Pay It Off, PO Box 830, Canal Street Station, New York, NY 10013".
- VIZITE 151 W. Broadway, 4<sup>th</sup> floor, New York, NY 10013 (Lendi pou rive Vandredi, soti 9 a.m. pou rive 7 p.m. (sof jou konje ak wikenn yo)

## 15. Si mwen dwe yon lòt eta oswa yon lòt konte lajan, èske mwen toujou kalifye pou pwogram nan?

Non, egalite pou pwogram sa a limite a lajan ou dwe administrasyon NYC/Depatman Sèvis Sosyal.

16. Èske mwen kalifye pou patisipe nan Pwogram Pay It Off ane sa a si mwen te patisipe nan ane anvan yo?  
Wi.

17. Kisa mwen dwe fè si mwen gen yon jijman lajan avèk enterè pou m peye DSS?

Si ou peye tout montan manman lajan jijman monetè ou dwe DSS la san enterè, alò OCSS ap elimine tout enterè ou dwe DSS tou.

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa pwoblèm sante mantal oswa andikap? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa sa a mande pu ou fè? Èske kondisyon sa a lakòz li difisil pou w jwenn lòt sèvis nan HRA? Nou kapab ede ou. Rele nou nan 718-557-1399. Ou kapab al nan yon biwo HRA pou w mande èd tou. Ou gen yon dwa pou mande kalite èd sa a dapre lalwa.